



Pou Piblikasyon Imedya: 28/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN 41 INITE LOJMAN NAN
PRI ABÒDAB EPI KI BAY SIPÒ NAN ELMIRA**

Apatman Reynolds Way yo konvèti kat bilding istorik an kay nan pri abòdab epi ki efikas sou plan enèji

Favorize Estrateji Inisyativ Revitalizasyon anba lavil 10 milyon dola Elmira a lè li elimine kalamite a epi devlope opsyon lojman yo

Investisman an konplete "Southern Tier Soaring" lan – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman Apatman Reynolds Way yo nan vil Elmira. Devlopman sou sit izole a te konvèti kat imèb istorik an 41 apatman, ki enkli 13 ki gen sèvis sipò. Devlopman an ki sitiye nan zòn sib Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Elmira a (Downtown Revitalization Initiative), ede reyalize objektif vil la pou restore pwopriyete istorik yo epi ogmante opsyon lojman nan anba lavil la.

“N ap pote nouvo lavi nan kominote nou yo lè nou renove pwopriyete istorik ki defini yo – pou leve katye yo pou rezidan yo ak jenerasyon alavni yo,” **Gouvènè Hochul te deklare.** “Transfòmasyon Apatman Reynolds Way yo apiye investisman plizyè ane eta a nan anba lavil Elmira k ap amelyore lavi moun epi konstui yon kominote ki pi solid pou tout moun.”

Pandan senk ane ki pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève plis pase 300 kay nan pri abòdab nan Konte Chemung. Apatman Reynolds Way yo kontinye efò sa epi konplete Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la k ap kreye oswa prezève 100,000 kay nan pri abòdab atravè New York, ki enkli 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Apatman Reynolds Way yo konpoze de kat imèb vid, ke yo rele Apatman yo, Townhomes, Warehouse, ak Stowell House, ki sitiye nan yon blòk youn de lòt nan anba lavil Elmira. Toule kat bilding yo, ki te eksperimante diferan nivo brilaj, te reyabli te konplètman.

Kat bilding yo nan Distri Istorik Sivik Elmira epi Stowell House ak Warehouse site nan Rejis Plas Istorik Eta ak Nasyonal yo alafwa.

Devlopman an genyen ladan l senk estidyo, 30 apatman yon chanm ak sis apatman de chanm. Toule 41 apatman yo nan pri abòdab pou fanmi k ap touche 60 pousan Revni Mwayen Zòn nan.

13 apatman rezève pou fanmi ki sanzabri k ap gen aksè nan sèvis sipò ak sibvansyon lwaye atravè yon prim Inisyativ Lojman Sipò Empire State ki administre pa Biwo Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York la (New York State Office of Temporary and Disability Assistance).

Devlopman ki acheve a ap itilize sistèm chofaj ak è kondisyone ki wotman efikas nan tout imèb yo, te resevwa sètifikasyon Nouvo Konstriksyon pou Plizyè Fanmi ak Kominote Antrepriz Ekolojik ENERGY STAR® EPA yo.

Devlopè ak founisè sèvis sipò a se Arbor Housing and Development.

Finansman Eta a pou Apatman Reynolds Way 20 milyon dola yo genyen ladan l, 7.5 milyon dola Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni ki Fèb ak 5.8 milyon dola sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York. Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) Eta New York la te apwouve 5.7 milyon dola Kredi Enpo pou Reyabilitasyon Istorik Eta ak Federal. Otorite Rechèch ak Devlopman pou Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te bay 41,000 dola nan ensitasyon pou Nouvo Pwogram Konstriksyon Lojman yo.

Anplis pou ranfòse plan revitalizasyon rejyon Southern Tier Soaring lan, nouvo devlopman lojman an ale nan menm sans ak investisman 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Eta a nan anba lavil Elmira, lè li ede vil la reponn a yon bezwen enpòtan pou lojman mendèv.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare, "Lè nou revitalize kat imèb istorik sa yo, Apatman Reynolds Way yo ap prezève kèk pati nan pase Elmira epi reitilize kat estrikti ki egziste sa yo pou ogmante apwovizyonman lojman vil la avèk 41 kay nan pri abòdab epi ki bay sipò. Mèsi a patnè nou yo nan Housing and Development pou travay yo ki konplete devlopman ki chanje lavi sa, ak pou Gouvènè Hochul pou angajman kontini li pou revitalize Anba Lavil Elmira atravè investisman ki sibler nan pwòje ki bay rezilta pou rezidan yo."

Komisè Tanporè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik nan Eta New York la, Randy Simons, te deklare, "Kominote nan tout New York rich ak pwopriyete istorik, kote kèk nan yo te vid oswa mal itilize pandan twò lontan. Yo pa sèlman kontribye nan karaktè yon katye, men yo se flanbo potansyèl tou. Nou fyè pou fè patenarya nan pwòje yo pou fè inisyativ lojman nan pri abòdab Gouvènè a avanse atravè pwogram tankou Pwogram Kredi Enpo pou Reyabilitasyon Istorik la epi ede devlopè yo jwenn mwayen ki

inovan pou reyenvesti nan kominote nou yo. Lè nou remete pwopriyete istorik yo sou pye ankò pou sèvi bezwen jodi a, sa ede nou sèvi Nouyòkè yo jodi a ak alavni."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare, "Avèk finisman pwojè Apatman Reynolds Way yo, rezidan Konte Chemung yo gen aksè kounye a nan lojman nan pri abòdab ki genyen ladan yo karakteristik enèji efikas tankou aparèy ENERGY STAR, fenèt wot pèfòmans, ekipman pou chofaj ak è kondisyone pwòp, ak plis ankò, pou yon eksperyans lavi ki pi konfòtab epi pi an sekirite. Pwojè sa reprezante angajman Gouvènè Hochul pou asire ekite nan investisman enèji pwòp Eta a, pandan n ap travay pou diminye emisyon ki soti nan imèb yo epi kreye kote ki pi sen pou viv."

Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare, "Renovasyon kat pwopriyete istorik sa yo bay fanmi ki sanzabri yo lojman nan pri abòdab ki tèlman nesèsè avèk sipò ki esansyèl k ap pèmèt fanmi sa yo pwospere nan Elmira. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul dèske li sipòte Apatman Reynolds Way yo k ap ogmante apwovizyonman pèmanan opsyon lojman pou fanmi yo epi k ap ede bize sik sanzabri a atravè Eta New York."

Sekretè Eta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Pwojè Reynolds Way yo pral montre ki enpak Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ka genyen sou kominote yo. Depi investisè ak devlopè yo remake siy kwasans ak pwogrè, yo vle fè pati aksyon an. Pwogram sa se yon egzanp pafè de eksplwatasyon piblik ak investisman prive pou favorize aktivite ekonomik nan yon kominote. Anplis, pwojè sa sipòte priyorite lojman Gouvènè Hochul yo. Kidonk, se yon sitiyasyon kote tout moun genyen."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Chak rezidan Elmira merite gen aksè nan lojman ki an sekirite epi nan pri ki abòdab, epi mwen fyè dèske Kredi Enpo Federal pou Lojman pou Moun ki gen Revni ki Fèb yo, ke mwen te goumen anpil pou devlope a, te bay plizyè milyon dola ki nesèsè pou konplete renovasyon apatman nan pri abòdab, ki aksesib ke yo t ap tann depi lontan, pou rezidan ak fanmi yo isit la nan anba lavil Elmira. Depans lojman ki wo se yon faktè kle enflasyon kidonk nou dwe konstui plis lojman pou bese pri ki elve sa yo. "Mwen bat bravo pou angajman Gouvènè Hochul paske l ap ogmante aksè nan lojman nan pri abòdab atravè Empire State la, epi m ap toujou goumen pou bay resous federal pou konstui fondasyon yon avni ki pi briyan pou Southern Tier.

Senatè Eta a, Tom O'Mara, te deklare, "Investisman Eta a nan lojman dekalite, nan pri abòdab nan kominote nou yo ranfòse tisi katye yo ak kalite lavi pou rezidan ak fanmi yo nan vil Elmira ak kominote atravè rejyon sa ak eta a. Ouvèti apatman Reynolds Way yo ap bay benefis ki enpòtan akoutèm ak alontèm pou ede rezidan ak fanmi li yo kontinye rekipere lavi yo epi rekonstui yon avni ki pi solid pou tèt yo ak kominote a ann antye."

Majistra Vil Elmira, Dan Mandell, te deklare, "Mwen kontan anpil pou wè achèvmant pwojè Apatman Reynolds Way yo ke Arbor Housing and Development te antreprann.

Transfòmasyon pwopriyete ki te delabre otrefwa yo an lojman ki tèlman nesèsè pou kominote a ap genyen yon enpak ki pozitif anpil sou katye anba lavil sa. Pwojè a ale nan menm sans ak efò planifikasyon vil la ki enkli kòd zonaj ki baze sou fòmilè nou yo, ke yo te mete ajou dapre Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la. Anpil remèsiman pou Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York; Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York; NYSERDA; Empire State Development Corporation; ak anpil patnè devlopman lokal nou yo ki te ede fè pwojè transfòmasyon sa tounen yon reyalite."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Arbor Housing and Development, Susan Bull, te deklare, "Arbor Housing and Development onore pou fè pati ekip ekstraòdinè ki fè pwopriyete kat imèb sa redrese, pou moun nan Elmira ka reyalize yon kalite lavi ki amelyore atravè lojman ki an sekirite, nan pri ki abòdab, epi ki bay sipò."

Akselere Southern Tier Soaring

Anons jodi a vin konplete pwojè "Southern Tier Soaring", ki se estrateji global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon pwochen jenerasyon an. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)